

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Manusa dina hakékatna ti mimiti gubrag ka alam dunya teu leupas tina prosés diajar (atikan). Demi atikan téh mangrupa hal anu utama dina nangtukeun sarta ngaronjatkeun kualitas hiji generasi. Atikan miboga udagan pikeun nataharkeun manusa sangkan bisa tanggoh dina nyanghareupan rupa-rupa kaayaan dina kahirupanana kalawan bener. Pikeun ngahasilkeun atikan anu hadé, tangtu kalungguhan guru jadi faktor nu utama.

Guru anu hadé kudu bisa milih bahan ajar anu saluyu dumasar kana aspék psikologis anu sakuduna diajarkeun ka siswa. Sakumaha anu ditétélakeun ku Makmun (2007 kc. 156) yén prosés diajar teu ngan lumangsung saarah, tapi dua pihakanana mibanda kalungguhan nu sarua pikeun ngalakukeun kagiatan aktif dina hiji rarancang gawé ngaliwatan mikir nu bisa dipikaharti ku balaréa. Patali jeung éta pamadegan, fungsi atikan dina konteks kabudayaan ogé kacida pentingna. Basa, sastra, jeung budaya Sunda, minangka salas ahiji hasanah dina kabinekatunggalikaan budaya Nusantara bakal jadi dadasar pikeun ngaronjatkeun atikan karakter jeung moral bangsa. Ku kituna, pangajaran basa Sunda mangrupa hiji tarékah pikeun ngawanohkeun kaarifan lokal dina wangu kawih, minangka landasan étnopédagogis, anu satulunya siswa dipiharep miboga rasa reueus sarta mikaresep basa, sastra, jeung budaya Sunda.

Kiwarí, mekarna téhnologi bisa ngawanohkeun lagu-lagu pop Indonesia (nasional) jeung lagu-lagu luar nagri anu rupa-rupa jangreuna (*genre*), jadi cukang lantaran kalindihna kawih Sunda. Salian ti éta siswa miboga kamandang yén kawih téh hése. Komo deui anu disebut tembang mah. Sakumaha anu ditétélakeun ku Maulida (2014, kc. 85), yén:

“éksistensi dan popularitas Tembang Sunda Cianjur sudah diakui oleh orang banyak. Hal ini disebabkan oleh kualitas seni tembang itu sendiri yang baik secara estetis maupun
Anisa Gusnira, 2018

UMPAKA ALBUM KAWIH DEUDEUH JEUNG GEUGEUT KARYA EDDY D.

ISKANDAR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN KAWIH DI SMA KELAS X

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |

perpustakaan.upi.edu

secara filosofis memiliki nilai-nilai yang sangat luhur. Apabila diteliti lebih dalam bukan hanya nilai religius (didaktis) tapi juga mempunyai tujuan untuk memperhalus budi dan akal. Meskipun demikian, masih banyak remaja-remaja Sunda yang

Anisa Gusnira, 2018

UMPAKA ALBUM KAWIH DEUDEUH JEUNG GEUGEUT KARYA EDDY D.

ISKANDAR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN KAWIH DI SMA KELAS X

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |

perpustakaan.upi.edu

tidak mengenal Tembang Sunda. Hal ini diakibatkan oleh pengaruh budaya asing yang semakin cepat menyebar di kalangan remaja”

Istilah kawih jeung tembang mémang geus teu bireuk deui pikeun masarakat. Éta dua hal téh geus remen dipaké ku urang Sunda pikeun nyebut sakur lalaguan anu aya di tatar Sunda. Tapi anu jadi pasualan téh, kiwari masarakat remen patukeur dina ngabédakeun antara kawih jeung tembang. Nurutkeun sajarahna, Hendrayana (2017, kc. 57) nétrélakeun yén ‘kawih’ geus leuwih mimiti aya sakumaha anu kaunggel dina naskah Sunda kuna *Sanghyang Siksa Kanda ng Karesian* taun 1518 M, anu unina:

“hayang nyaho disakwéh ning kawih ma kawih bwatuha kawih panjang, kawih lalaguan, kawih panyaraman, kawih sisi(n)diran, kawih pangpeledan, kawih bongbongkaso, kawih pererane, porod eurih, kawih babahanan, kawih bangbarongan, kawih tangtung, kawih sasa(m)batan, kawih igel-igelan, sing sawatek kawih ma, paraguna tanya.” (Kosasih, 2012, kc. 3)

Ungkara di luhur nétrélakeun, upama hayang apal ngeunaan rupa-rupa lagu batuha, kawih panjang, kawih lalaguan, kawih panyaraman, kawih sisindiran, kawih pengpeladan, kawih bongbongkaso, perane, porod eurih, kawih babahanan, kawih bangbarongan, kawih tangtung, kawih sasambatan, kawih igel-igelan, sarta lagu-lagu séjenna tanyakeun ka paraguna. Paraguna dina éta naskah digambarkeun minangka jalma anu ahli atawa seniman dina widang kawih.

Ku ayana éta ungkara dina naskah SSKK, kapaluruh yén kawih leuwih mimiti aya ti batan tembang. Sabab seni tembang Sunda Cianjur aya ti taun 1834 dina mangsa pamarentahan bupati Cianjur IX nya éta R. Aria Adipati Kusumaningrat (Sukanda, Spk., 2016, kc. 68)

Sakumaha sastra ilaharna, kawih ogé jadi gambaran kahirupan manusa anu beuki dieu beuki robah dumasar kajadian-kajadian nu aya dina éta mangsa. Kawih baheula tangtu bédá jeung kawih ayeuna, hususna tina segi musical (wirahma) jeung verbalna (rumpaka). Ku

Anisa Gusnira, 2018

UMPAKA ALBUM KAWIH DEUDEUH JEUNG GEUGEUT KARYA EDDY D.

ISKANDAR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN KAWIH DI SMA KELAS X

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |

perpustakaan.upi.edu

sabab kitu, kawih dipasing-pasing jadi kawih klasik jeung kawih modérn.

Pikeun nyeukeutan pola pikir siswa ngeunaan kawih, perlu ditalungtik dumasar struktur jeung ajén éstétikana ngaliwatan analisis struktur jeung ajen éstética minangka pésona. Ku kituna, ieu rumpaka bisa dipesék leuwih jero sangkan katimu ésensi katut anjén-ajén anu nyangkaruk di jerona. Sakumaha sastra ilaharna, rumpaka kawihmangrupa beungkeutan unsur-unsur anu silih pakait sarta miboga harti. Hartina, rumpaka kawih miboga struktur anu tangtu. Dina analisis struktural mah unsur-unsur karya sastra téh kudu ditalungtik jeung dititénan kalawan bener luyu jeung pangaweruh anu jero ngeunaan harti, peran, jeung fungsina sarta sagala hal anu aya patalina jeung éta unsur. Salian ti éta, rumpaka kawih ogé miboga ajén-inajén anu jero, hususna ajén éstética anu nyangkaruk boh dina kabasaanana, boh dina eusina. Luyu jeung pamadegan Koswara (2013, kc. 6) anu nandeskeun yén sastra mangrupa hiji sisi (bagian) tina seni anu mibanda ciri mandiri, ngandung kaartistikan, kaéndahan, kajujuran, kaorisinilan, jeung ngandung bebeneran anu salawasna nungtun kana sipat anu lemes, malahan mah nganteur kana tujuan pangjugjungan kahirupan manusa anu leuwih wijaksana

Anu dijadikeun objék dina ieu panalungtikan nyaéta kawih-kawih tina album *Deudeuh jeung Geugeut* karya Eddy D. Iskandar, taun 1985. Ieu rumpaka kawih miboga sababaraha kaonjoyan anu matak ngabédakeun antara ieu rumpaka jeung rumpaka kawih séjenna.

“hal yang menjadi ketertarikan untuk mengetengahkan album ini adalah: pertama, secara sajian album ini terkesan serius dalam penggarapannya. Kedua, dari nilai musicalitas dan sastrawinya, lagu ini patut ditempatkan pada level yang bukan biasa-biasa. Ketiga, tentu saja karena tematik ada pengalaman batin yang cukup universal sehingga siapapun yang mendengarkannya berkemungkinan pernah mengalaminya. (Hendrayana, Pikiran Rakyat, 7 Desember 2003)”.

Anisa Gusnira, 2018

**UMPAKA ALBUM KAWIH DEUDEUH JEUNG GEUGEUT KARYA EDDY D.
ISKANDAR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN KAWIH DI SMA KELAS X**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu

Dumasar kana cutatan di luhur, kawih dina album *Deudeuh jeung Geugeut* miboga sababaraha kaonjoyan. Salian ti kabasaanana anu atra katitén ngoncrang purwakantina, ieu kawih ogé miboga sisi kaéndahan dina ngagambarkeun eusi caritana anu teu basajan. Tapi, anu matak ngabédakeun antara ieu kawih jeung kawih séjéenna nyaéta ti kawih ka hiji nepi ka kawih ka-14 mawa hiji carita ngeunaan asmara, anu ngalantarankeun ieu kawih jadi hiji hal anu unik. Ku sabab éta, ieu kawih sok disebut runtuyan lagu panghégar. Tapi, sanajan kitu, ieu kawih tetep ngawengku ajén kultural sarta édukatif, kekecapanana anu éndah sarta miboga harti anu jero. Ditilik tina sisi pangarangna, Eddy D. Iskandar nyaéta sastrawan anu dina mangsana (taun 1980-an) karyana loba dipikaresep alatan ciri hasna anu puitis jeung romantis, nyaritakeun kahirupan-kahirupan rumaja.

Nepi ka kiwari, aya sababaraha panalungtikan anu sawanda jeung ieu panalungtikan, sanajan teu sarua pisan dina ulikan jeung objék panalungtikanana, nyaéta (1) “Ajén Estetika dina Rumpaka Tembang Sunda Cianjur anu pikeun Bahan Pangajaran di SMA kelas XI” beunang Kresna Pragita Sujiva (2011). (2) Ulikan Struktural jeung Ajén Étnopédagogik dina Rumpaka Tembang Cianjur Wanda Panambih karya Mang Bakang pikeun Bahan Pangajaran Sastra di SMA” beunang Noni Mulyani (2013). (3) “Rumpaka Tembang Sunda Cianjur (Ulikan Struktural dinamik jeung Etnopedagogik)” Thesis beunang Siti Mariam Maulida (2012). (4) “Rumpaka Kawih Kliningan *Gamelan Klasik Cicih Cangkurileung* (Tilikan Struktural, Semiotik jeung Étnopédagogik)” Thesis beunang Dimas Patria (2016). (5) “Inovasi Tembang Sunda Cianjur atau *Sekar Anyar* dumasar tilikan Struktural” Thesis beunang Dian Hendrayana (2011). Tina sababaraha panalungtikan, sacara gurat badagna bisa dicindekkeun yén upama dipatalikeun jeung pangajaran, kawih miboga ajén-inajén anu penting pisan pikeun diwanohkeun ka siswa di sakola. Ku kituna, diayakeunna ieu panalungtikan pikeun ngeuyeuban deui pangaweruh ngeunaan kawih. Bédana ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna, katitén tina rumpaka anu dianalisisna. Salian ti éta, bédana jeung panalungtikan anu saméméhna nyaéta tina objek panalungtikanana.

Anisa Gusnira, 2018

UMPAKA ALBUM KAWIH DEUDEUH JEUNG GEUGEUT KARYA EDDY D.

ISKANDAR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN KAWIH DI SMA KELAS X

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |

perpustakaan.upi.edu

Ku ayana ieu panalungtikan dipiharep bisa ngaronjatkeun karesep siswa jeung masarakat kana kawih Sunda, hususna kawih klasik. Anapon ieu panalungtikan baris dilaksanakeun kalawan judul “Rumpaka Album Kawih *Deudeuh jeung Geugeut* karya Eddy D. Iskandar pikeun Bahan Pangajaran Kawih di SMA kelas XI (Ulikan Struktural jeung Ajén Éstética)”.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah.

1.2.1 Identifikasi Masalah

Ieu panalungtikan ngaidentifikasi sababaraha masalah, di antarana:

- 1) minat siswa kana kawih Sunda masih handap;
- 2) siswa can mikawanoh kana bédéaan antara kawih klasik jeung kawih modéren;
- 3) siswa can mikawanoh kana unsur struktural anu aya dina rumpaka kawih;
- 4) siswa lolobana can mikawanoh kana ajén éstética anu aya dina kawih.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang jeung idéntifikasi masalah di luhur, anu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun sakumaha ieu di handap.

- 1) Kumaha wangen rumpaka album kawih *Deudeuh jeung Geugeut* karya Eddy D. Iskandar?
- 2) Kumaha struktur rumpaka album Kawih *Deudeuh jeung Geugeut* karya Eddy D. Iskandar?
- 3) Kumaha Ajén éstética rumpaka album Kawih *Deudeuh jeung Geugeut* karya Eddy D. Iskandar?
- 4) Kumaha larapna, hasil panalungtikan rumpaka album Kawih *Deudeuh jeung Geugeut* karya Eddy D. Iskandar pikeun bahan pangajaran kawih di SMA kelas X?

Anisa Gusnira, 2018

UMPAKA ALBUM KAWIH DEUDEUH JEUNG GEUGEUT KARYA EDDY D.

ISKANDAR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN KAWIH DI SMA KELAS X

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |

perpustakaan.upi.edu

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan tina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nyaéta tujuan umum jeung husus. Anapon éta tujuan umum jeung tujuan husus di antarana sakumaha ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngawanohkeun, numuwuhkeun kareueus kana budaya daerah nu kaunggel dina karya sastra sangkan dipikawanoh ku masarakat jeung siswa. Salian ti éta, bisa dijadikeun tolok ukur pikeun ngajén kamampuh siswa dina maham sarta nganalisis eusi rumpaka saluyu jeung indikator pangajaran kawih.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus nu hayang dihontal tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun :

- 1) Wangun rumpaka album kawih *Deudeuh jeung Geugeut* karya Eddy D. Iskandar,
- 2) Struktur rumpaka album Kawih *Deudeuh jeung Geugeut* karya Eddy D. Iskandar,
- 3) Ajén éstética rumpaka album kawih *Deudeuh jeung Geugeut* karya Eddy D. Iskandar,
- 4) Larapna hasil panalungtikan rumpaka album kawih *Deudeuh jeung Geugeut* karya Eddy D. Iskandar dina bahan pangajaran kawih di SMA kelas X.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan kabagi jadi tilu, nyaéta (1) Mangpaat tioritis, (2) Mangpaat tina segi praktik, (2) Mangpaat tina segi kawijakan

Anisa Gusnira, 2018

UMPAKA ALBUM KAWIH DEUDEUH JEUNG GEUGEUT KARYA EDDY D.

ISKANDAR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN KAWIH DI SMA KELAS X

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |

perpustakaan.upi.edu

1.4.1 Mangpaat tina segi téoritis

Mangpaat sacara tioritis tina ieu panalungtikan nyaéta bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan karya sastra, hususna dina pangajaran kawih. Salian ti éta ieu hasil panalungtikan bisa dipaké pikeun ngeuyeuban pangaweruh dina widang élmu struktural jeung ajén éstétika.

1.4.2 Mangpaat tina segi praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap.

- 1) Pikeun anu nalungtik, bisa jadi referensi pikeun panalungtikan satulunya nu aya patalina jeung rumpaka kawih tina segi struktural jeung ajén éstétika.
- 2) Pikeun guru, bisa dipaké pikeun nambah pangaweruh dina ngamekarkeun bahan ajar di sakola, ku cara ngagunakeun rumpaka kawih boh rumpaka kawih klasik, boh rumpaka kawih modéren dina bahan ajar.
- 3) Pikeun siswa bisa dipaké, média pikeun numuwuhkeun karesep tur karepna kana diajar kawih. Lian ti éta dipiharep ku ayana ieu panalungtikan siswa bisa leuwih neuleuman ma'na tina rumpaka kawih nepika bisa ngarobah karakter siswa, ngalemeskeun budi, jeung ngalempengkeun akal.
- 4) Pikeun masarakat, dipiharep bisa numuwuhkeun minat karep masarakat pikeun ngamumulé seni karuhun, anu miboga ajén inajén. Masarakat kudu bisa ngarojong kana seni tradisional hususna kana kawih sangkan bisa tetep nanjeur ditengah-tengah budaya modéren.

1.4.3. Mangpaat tina segi kawijakan

Hasil tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngarojong kawijakan *Balai Pelestarian Nilai Budaya* (BPNB) Bandung jeung *Dinas Pariwisata dan Kebudayaan* Jawa Barat anu nangtukeun yén

Anisa Gusnira, 2018

UMPAKA ALBUM KAWIH DEUDEUH JEUNG GEUGEUT KARYA EDDY D.

ISKANDAR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN KAWIH DI SMA KELAS X

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |

perpustakaan.upi.edu

Cianjuran jadi salahajji kasenian anu ditarima kalawan hadé, tina 30 materi budaya Sunda anu diajukeun jadi “Warisan Budaya tak Benda” (WBTD) ka Kementrian Pendidikan jeung Kabudayaan. Kitu ogé, ngarojong Perda Provinsi Jawa Barat No. 14 taun 2014 ngeunaan Pelestarian jeung Pengembangan Bahasa, Sastra jeung Aksara.

Salian ti éta dipiharep ieu panalungtikan bisa jadi bongbolon gan pikeun ngungkulon handapna minat siswa pikeun mikawanoh kawih. Salahajjina ku cara diayakeunana pasanggiri-pasanggiri kawih ku *Dinas Pendidikan dan Kebudayaan Provinsi Jawa Barat*.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disususun jadi lima bab, Bab I mangrupa bubuka, eusina ngébréhkeun ngeunaan kasang tukang tina masalah anu ditalungtik, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, sarta struktur organisasi dina ieu skripsi.

Dina BAB II, eusina ngeunaan tiori-tiori anu dipaké pikeun ngarojong ieu panalungtikan. Tiori anu dipedar nyaéta ngeunaan strukturalisme jeung struktur, ajén éstética, kawih, jeung bahan pangajaran resensi anu dibandingkeun sarta dipatalikeun jeung masalah anu ditalungtik. Panalungtikan saméméhna, sarta kalungguhan tiori.

Dina BAB III, eusina ngeunaan métodologi anu digunakan dina ieu panalungtikan, nu eusina ngawengku métode panalungtikan, desain panalungtikan, sumber data, téhnik panalungtikan, jeung analisis data.

Dina BAB IV eusina ngeunaan déskripsi hasil panalungtikan, anu ngawengku hasil analisis struktural jeung ajén éstética dina unggal rumpaka dina album *Deudeuh jeung Geugeut* karya Eddy D. Iskandar, anu satulunya dilarapkeun pikeun bahan pangajaran kawih di SMA kelas X.

Dina BAB V eusina ngadéskripsikeun kacindekan hasil panalungtikan jeung rékoméndasi pikeun panlungtikan satulunya.

Anisa Gusnira, 2018

UMPAKA ALBUM KAWIH DEUDEUH JEUNG GEUGEUT KARYA EDDY D.

ISKANDAR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN KAWIH DI SMA KELAS X

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |

perpustakaan.upi.edu

Anisa Gusnira, 2018

UMPAKA ALBUM KAWIH DEUDEUH JEUNG GEUGEUT KARYA EDDY D. ISKANDAR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN
KAWIH DI SMA KELAS X

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu